**दिन–मंगलवार** **दिनांक–28.01.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

———————————————————————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आइ उत्तराखंडक देहरादून में अड़तीसम राष्ट्रीय खेलक शुभारंभ एखन सँ थोड़ेक काल बाद करताह। एकर अंतर्गत चौदह फरवरी धरि विभिन्न खेल प्रतिस्पर्धा सभक आयोजन कयल जायत। एहि खेल सभ मे एहि वर्ष बिहार सँ सभ सऽ बेसी एक सय पचास खेलाड़ीक दल सम्मिलित भऽ रहल अछि। ओलंपिक पदक विजता श्रेयसी सिंहक नेतृत्व मे भाग लऽ रहल बिहारक टीम मे उनासी महिला आ एकहत्तरि पुरूष खेलाड़ी सम्मिलित छथि। ध्यातव्य अछि जे गोवा मे आयोजित सैंतीसम राष्ट्रीय खेल सभ मे बिहार तीन रजत आ पांच कांस्य सहित कुल आठ पदक जीतने छल।

————————————————————

प्रयागराज मे चलि रहल महाकुंभक दरमियान काल्हि मौनी अमावस्याक अवसर पर अमृत स्नानक आयोजन कयल गेल। एहि मे भाग लेबाक लेल पैघ संख्या मे श्रद्धालु कुंभ नगरी पहुंचि गेलाह अछि। उत्तरप्रदेश सरकार एहि के ध्यान मे रखैत प्रयागराज मे सुरक्षा व्यवस्था कड़गर कऽ देलक अछि। सरकार मजबूत सात स्तरीय सुरक्षा योजना लागू कयलक अछि। हमर संवाददाता खबरि देलनि जे महाकुंभ क्षेत्र के नो वीआईपी जोन घोषित कयल गेल अछि।

————————————————————

एम्हर, मौनी अमावस्याक पूर्व संध्या पर आइ भागलपुरक सुल्तानगंज स्थित अजगैबीनाथ मंदिर मे पूजा–अर्चनाक लेल श्रद्धालु लोकनिक भीड़ उमड़ि पड़ल। विभिन्न जिला आ पड़ोसी देश नेपाल सँ आयल श्रद्धालु सभ उत्तरवाहिनी गंगा नदी मे आस्थाक डुम्मी लेलनि आ मंदिर मे पूजा–अर्चना कयलनि। परम्पराक अनुसार श्रद्धालु एहि पवित्र अवसर पर सुल्तानगंज सँ जल उठाकर देवघरक लेल विदा होइत छथि।

———————————————————————————

उपमुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा कहलनि जे राजद नेता तेजस्वी प्रसाद यादव कँ पथ निर्माण मंत्री रहैत विभागीय सड़क सभक निर्माण मे छब्बीस करोड़ टाका सँ बेसी के घोटाला भेल। श्री सिन्हा पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप करैत आरोप लगौलनि जे सड़क निर्माण काज मे लागल कंपनी राजा कंस्ट्रक्शन पत्थर के उपयोग मे धांधली कयलक। ओ जनौलनि जे अनियमितताक बादो कंपनी के अवैध ढंग सँ छब्बीस करोड़ सोलह लाख टाका सँ बेसी के राशिक भोगतान कयल गेल। उपमुख्यमंत्री कहलनि जे एहि मामिलाक जाँच कयल जायत आ दोषी अधिकारी सभ के सेहो दंडित कयल जायत।

———————————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ अपन प्रगति यात्राक दरमियान पूर्णियां मे पाँच सय अस्सी करोड़ टाटाक सँ बेसि के लागतिवला विभिन्न योजना सभक उद्घाटन आ शिलान्यास कयलनि। श्री कुमार पूर्णियां नगर प्रखंडक मजरा मे आयोजित कार्यक्रम मे कल्याणकारी योजनाक लाभुक सभक मध्य चेक के वितरण सेहो कयलनि।

———————————————————————————

पछवा हवाक प्रभाव कम आ रौद होयबाक कारणे राजधानी पटना सहित राज्यक दक्षिण भाग मे अधिकतर स्थान पर तापमान मे दू सँ तीन डिग्री सेल्सियसक वृद्धि दर्ज कयल गेल। एहि कारणे लोक सभ के ठंढ़ा सँ राहत भेटल। ओतहि प्रदेशक उत्तरी भाग मे घनगर कुहेस सँ जनजीवन प्रभावित भेल अछि। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे जनौलक जे सीतामढ़ी, शिवहर आ मधुबनी सहित राज्यक उत्तर–पूर्व भाग मे कतेको ठाम अगिला तीन दिन धरि मध्यम सँ घनगर कुहेस लागल रहबाक संभावना अछि। पछिला चौबीस घंटाक दरमियान रोहतासक डेहरी प्रदेशक सभ सँ ठंढ़ा स्थान रहल, जतऽ के न्यूनतम तापमान छओ दशमलव दू डिग्री सेल्सियस रिकॉर्ड कयल गेल।

———————————————————————————

समान सेवा–समान वेतन सेवा नियमित कयल जायब सहित एक्कैस सूत्री मांग के लऽकऽ गृह रक्षा वाहिनीक जवान सभक राज्यव्यापी प्रदर्शन आइ दोसर दिन सेहो जारी रहल।

मुंगेर मे जवान सभ किला परिसर स्थित शहीद स्मारक सँ प्रदर्शन मार्च निकाललनि। ओतहि, पश्चिम जिला मुख्यालय बेतिया मे गृह रक्षक सभ समाहरणालय पर धरना प्रदर्शन कयलनि।

———————————————————

मधुबनी जिलाक फुलपरास थाना क्षेत्र सँ पुलिस पाँच युवक के गिरफ्तार कयलक। पुलिस अधीक्षक योगेन्द्र कुमार जनौलनि जे पकड़ल गेल युवक अवैध हथियार लहरा कऽ सोशल मीडियाक लेल रील बनबैत छलाह। ओतहि, जिला पुलिस जयनगरक दुल्लीपट्टी गाम मे गोलीबारीक आरोपी कुख्यात अजीत कुमार के सेहो गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————

समस्तीपुर जिला मे सड़क सुरक्षा माहक अंतर्गत जिला प्रशासन नुक्कड़ नाटकक माध्यम सँ लोक सभ के यातायात नियमक पालन करबाक लेल जागरूक कयलक।

———————————————————

सहरसा मे तीन दिवसीय उग्रतारा सांस्कृतिक महोत्सव आइ सँ आरंभ भऽ गेल अछि। मद्यनिषेध मंत्री रत्नेश सादा महोत्सवक उद्‌घाटन कयलनि।

———————————————————

अररियाक सांसद प्रदीप कुमार सिंह जिला विकास समन्वय आ निगरानी समितिक बैसक मे अधिकारी सभ के विकास कार्य के शीघ्रताक संग पूरा करबाक निर्देश देलनि।

———————————————————

समाप्त